

Ibigiye guhinduka n'ukurangurwa muri uyu mwaka 2019



Igikorwa co kwandika ingo hisunzwe amategeko kigeze ku bice biranga 90% kiretse mu ntara ya Rumonge. Turashimishwa n'iyi ntambwe. Tuzobandanya ico gikorwa twongere tuzozere muri uyu mwaka w'2019.

Ivyo tubikora ku neza y'ingo n'imiryango, kwubahiriza imico n'imigenzo vy'Abarundi, tutibagiye umutekano mu ngo no mu gihugu cose ubu no muri kazoza.

Twipfuzaba ko umwaka w'2019 worangira abana bose mu Burundi bafise ba se b'ukuri bitirirwa, kuko umwana n'aho yoba impfuyi akomoka ku bavyeyi babiri.

**Ubw'icumi na kane:** Tuzoshishikara gusahiriza amakomine mu migambi izamura ubutunzi bwayo mu kuronsa ikomine yose amahera imiriyoni amajana atanu ku mwaka.

**Ubw'icumi na gatanu:**

Tuzoronsa inyigisho zidasanzwe hamwe n'ibikoresho abajewe Umutekano no kwivuna abansi kugira barushirizeho guhangana n'ibibazo ivyoye vyose.

**Ubw'icumi na gatanu:** Tuzobandanya Umugambi wo kuzirikana Igihugu, dufashe Abarundi kumenya ukuri no guca ubwenge.

**Ubw'icumi n'indwi:** Kuva mu mwaka w'2019, Umurongozi wese mu gisata ajejwe, azotegezwe kwerekana ingaruka nziza zikomoka ku ngingo zifatwa ku neza y'Abenegihugu n'Igihugu ubu no muri kazoza.

Ni yo nzira irashe yo gukomeza kuzirikana no gukunda Igihugu mu buzima bw'igihugu n'abenegihugu, na cane cane indongozi.

**Biracaza**

**Ubw'icumi:** Tuzobandanya gufata ingingo zubahiriza agateka ka zina muntu, twubahirize amategeko kandi duhane abayahonyanga.

**Ubw'icumi na rimwe:** Tugiye guhagurukira ikibazo c'irwirirana ry'abantu. Ni muri icyo ntumbero dusavye Ubushikiranganji bujewe gutunganya ibisagara, guhagarika ibikorwa vyo gutunganya ibibanza bishasha vyuburaro mugisagara ca Bujumbura n'amicungararo yaco.

**Ubw'icumi na kabiri:**

Tuzokorana n'amashirahamwe afise uburyo n'ubuhinga bugaragara, hubakwe amazu agerekanye, tuyaronse Abenegihugu bayarihe bukebuke bayabamwo. Gutyo tuzoba dutoreye umuti urama ikibazo c'ubukene bw'uburaro n'amatongo.

**Ubw'icumi na gatatu:** Tuzokingira twivuye inyuma Imico n'Imigenzo vy'Abarundi, twamirire kure inyigisho, imvugo, inyifato n'ibikorwa ivyoye vyose bitosekaza akaranga n'akaranga mutima vy'Abarundi.

Kwiyandikisha nk'umutangakori ku makori atagekanijwe n'amatageko.

Muti mbega ni nde akeneye inomero NIF?

Ni umuntu uwo ari wese:

- Atanguye umwuga wo kudandaza canke uwundi mwuga wose uzana inyungu;
- Atanguye igikorwa cose kimutuma agengwa n'amategeko ajanye n'amakori, nk'ukugurura ishira hamwe ritarondera inyungu (ASBL).

Kandi n'umuntu wese:



- Agomba kwinjiza ibintu avanye hanze y'imibibe naho atoba akora umwuga wo kudandaza;
- Agomba guhindura uwitirirwa ikintu (itongo, umuduga n'ibindi).

**Mbega ugomba kwiyandikisha utumbera hehe?**

Bivanye n'ahamwegereye, uwugoba kwiyandikisha atumbera aha hakwirikira:

- Mu biro bijewe kworohereza abashing imitahe mu BURUNDI "API" (ku ma sosiyete)
- Mu biro vya OBR biri mu Kigobe bikorera mu nyubakwa za EMMAÜS canke mu ma biro ya OBR akorera mu ntara mu gihugu hagati (ku batari mu mashirahamwe

canke amashirahamwe atarondera inyungu)

*Ikiringo ntarengwa ko kwimenyekanisha ni ikihe?*

Itegeko ritegekanya iminsi ntarengwa cumi n'itanu uhereye aho umuntu yatanguriye kudandaza.

**Ikiyamakuru ca Eklezia Gatolika**  
**Umwaka wa 66**  
**Gisohoka kabiri mu kwezi**  
**Ikiguzi : 500FBu**

e-mail: ndongozi.journal@yahoo.fr

Facebook : Journal ndongozi y'uburundi Rusizirarembe

**NDONGOZI Y'UBURUNDI**

Adresse : Candikirwa, higasohorera muri Ndongozi y'Uburundi. Avenue de la mission n° 06

B.P 690 Bujumbura. Tél.: 222762. Fax : (257) 228907 N°689 15 Ruhuhuma 2019



«Jewe ndi wa mwungere mwiza»  
 In 10, 11a

**Abihebeye Imana: Ikiyenyetso kiboneka ng'aha kw'isi c'ubuzima budahera mw'ijuru**



Foto : Mélance NDAYIKEZE

Ku wa kabiri Ruhuhuma 2019, niho kw'isi yose hahimbazwa umusi mpuzamakungu ugira 23 wahariwe ubuzima bwihavyi.

Muri diyoseze nkuru ya Bujumbura, uwo musihimbajwe muri paruwase Gatumba mu nkuka y'imisa yahuje imiryango yose y'abihabeye Imana iri muri vicariya ya Bujumbura.

Soma ku Rup. 2

**Umusi mpuzamakungu wahariwe abarwaye warahimbajwe muri Diyoseze nkuru ya Bujumbura**



Foto : Mélance NDAYIKEZE

Abakozi ba Ndongozi

**Uwujewe uruganda:**

- \* A. Noël NTIRANDEKURA
- Abamenyeshamakuru:
- \* A. Noël NTIRANDEKURA
- \* Mélance NDAYIKEZE
- \* Marie Goreth NDIKUMANA

**Uwujewe ubuhinga:**

- \* Chanel HARINGANJI

**Umunyamabanga:**

- \* MSV Marie Goreth NDIKUMANA

**Umunyabigega:**

- \* MSV Anatolie NIYIMPAYE

**Uwujewe imigenderanire:**

- \* J. de Dieu NDIKUMANA

Soma ku Rup. 3

**Ibirimwo**

- o Ihimbazwa ry'umunsi wahariwe ubutungane n'amahoro muri diyoseze ya Rutana.....6
- o Abakenyezi b'intwari bibagiwe.....8

- o Akamaro k'icamwa ca pome mu mubiri w'umuntu.....9
- o Uburenganzira bwo kwishira n'ukwizana.....10